

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Budaya mangrupa identitas hiji bangsa. Lamun hiji bangsa henteu boga budaya hartina éta bangsa téh sarua jeung henteu boga identitas. Indonesia mangrupa bangsa anu beunghar ku budaya, salasahijina budaya Sunda. Budaya Sunda minangka identitas pikeun masarakat Sunda sorangan. Tatar Sunda jembar ku budaya, ti mimiti kasenian, agama, upacara-upacara adatna, teknologina, nepi ka pakakas-pakakas anu dipaké dina kahirupan sapopoéna.

Koentjaraningrat (dina Haetami, 2011, kc. 10) nétélakeun yén kabudayaan nya éta sakabéh sistem gagasan (ide), tindakan, jeung hasil karya manusa dina raraga kahirupan masarakat anu dijadikeun milik dirina ngaliwatan prosés diajar. Salian ti éta, aya ogé anu ngahartikeun yén kabudayaan téh nya éta kabiasaan anu dipigawé ku hiji masarakat, sarta diturunkeun ti generasi ka generasi.

Kabudayaan miboga tujuh unsur, ti mimiti anu panghéséna robah nepi ka nu pangbaraina robah, ti nu abstrak ka nu kongkrit. Éta tujuh unsur kabudayaan téh nya éta unsur religi, kamasarakatan, pangaweruh, basa, kasenian, pakasaban, sarta sistem peralatan hidup jeung teknologi (Koentjaraningrat, 1974, kc. 2).

Kabudayaan Sunda anu nepi kiwari masih aya kénéh dikieuna sarta mangrupa salah sahiji warna kabudayaan nya éta kasenian Penca Silat. Di Indonesia, istilah penca silat kakara dipaké sanggeus ngadegna organisasi penca silat munggaran nya éta Ikatan Penca Silat Indonesia (IPSI) taun 1948. Saméméhna di daérah Sumatra leuwih dipikawanoh ku istilah silat, sedengkeun di Jawa dipikawanoh ku istilah penca wungkul (Lubis, 2004, kc. 1). Dina hasil wawancara tanggal 14 September 2013, Yusuf Bachtiar (salaku pupuhu paguron penca silat buhun) nétélakeun yén penca silat di Tatar Sunda dibagi jadi dua, nya éta aya penca silat pikeun bela diri anu sok disebut “buah” jeung “eusi”. Nu kadua aya penca silat “kembang” atawa “bing penca”, nya éta penca silat anu sok dipintonkeun atawa pikeun hiburan wungkul. Di sawatara daerah di tatar Sunda masih aya paguron-

paguron penca silat anu ngadeg sanajan anggotana bisa disebut kurang, komo ti kalangan barudak ngorana mah kaitung kurang pisan. Kiwari barudak leuwih resep kana seni bela diri nu datangna ti luar, batan anu aya jeung anu asli ti daérahna sorangan.

Sanajan sababaraha taun ka béh dieunakeun mah kasadaran masarakat ngeunaan kabudayaan daerah téh aya undakna, saperti lobana aktivis-aktivis kabudayaan anu ngawanohkeun deui pentingna kabudayaan daérah. Tapi masarakat Sunda anu miboga kabudayaan kudu tetep ngaraksa jeung ngariksa, tong nepi ka éta kabudayaan téh leungit atawa paéh, komo diaku ku bangsa séjén mah.

Kasénian penca silat, hususna di tatar Sunda loba pisan ragam atawa aliranana, di antarana aya Penca Silat *Panglipur* jeung Penca Silat *Cakar Kumbang Kencana*. Sabenerna kasénian penca silat intina sarua nya éta tina penca silat buhun. Kiwari paguron penca silat buhun geus jarang pisan. Jarang aya nu apal ngeunaan penca silat buhun, padahal penca silat buhun téh mangrupa awal atawa dasar tina penca silat. Anu nyababkeun jarang ayana penca silat buhun di antarana kurang resepna masarakat, hususna barudak ngora, kana ieu penca silat. Sarta kurangna publikasi ti pangurus penca silat ka masarakat.

Penca silat buhun anu kiwari masih tagen kénéh di kota Bandung sarta masih aktif di tengah-tengah kamekaran teknologi, modernisasi jeung globalisasi nya éta Paguron Silat Buhun nu aya di Gegerkalong. Ieu Paguron Silat Buhun téh geus aya ti taun 1815, diadegkeun ku Raden (Mama) Muhammad Nur Hasan, nya éta ulama sakaligus jawara di Gegerkalong harita. Paguron Silat Buhun henteu ngajarkeun beladiri wungkul, tapi saluyu jeung tujuan mimiti diadegkeunana nya éta pikeun ngadidik jeung ngoméan ahlak ngaliwatan silat. Kasénian penca silat buhun, boh gerakanana, jurus-jurusna, boh hal séjénna, kabéhanana nyoko kana anu asli (buhun). Béda jeung nu séjén, anu geus kapangaruhan ku hal-hal modern, anu ngabalukarkeun jurus-jurusna jadi teu paruguh.

Dumasar wawancara awal nu dilaksanakeun jeung narasumber tanggal 14 September 2013 (Abah Yusuf Bachtiar) nya éta salaku pupuhu anu ngokolakeun

Mimif Miftahul Huda, 2015

**AJÉN FALSAFAH KESENIAN PENCAK SILAT DI PAGURON SILAT BUHUN KABUYUTAN  
GEGERKALONG KECAMATAN SUKASARI BANDUNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ieu paguron, nétélakeun yén masarakat ayeuna kurang wanoh kana kasenian penca silat buhun. Lolobana leuwih wanoh kana penca silat anu geus dipisah-pisah saluyu aliranna, saperti Penca Silat *Panglipur* jeung Penca Silat *Cakar Kumbang Kencana* téa. Komo deui barudak mah leuwih wanohna kana bela diri anu ti luar saperti *karate* jeung *taekwondo*. Ningali kana kaayaan saperti kitu, lila-kalilaan kasenian penca silat buhun téh bisa waé leungit. Lamun generasi ngorana taya nu maké jeung taya nu resep kana budayana sorangan, dina hal ieu penca silat buhun, tangtuna waé ieu penca silat téh ka hareupna bakal tumpur. Penting pisan ayana generasi penerus téh, komo deui dina kabudayaan atawa adat-istiadat. Pikeun ngawanohkeun deui kasenian penca silat buhun ka masarakat sangkan ka hareupna bisa ngaronjatkeun deui minat barudak kana penca silat buhun, sarta sangkan generasi penerus bisa leuwih loba, diayakeun panalungtikan ngeunaan penca silat buhun ditilik tina ajén falsafahna.

Ajén mangrupa pangaji atawa harga (LBSS, 2007, kc. 18), sedengkeun filsafat nya éta cara atawa proses mikir pikeun nyangking tur maham hiji hal sacara nyosok jero. Filsafat henteu ngan saukur maluruh wujud hiji hal, tapi maluruh ma'na anu nyangkaruk di jerona (Suryalaga, 2010, kc. 10). Filsafat miboga tujuan pikeun nyangking bebeneran anu pangbenerna (Tafsir, 2009, kc. 21). Ku kituna, ajén falsafah bisa dihartikeun salaku harga atawa pangaji anu dihasilkeun tina proses mikir anu nyosok jero pikeun nyangking bebeneran ngeunaan hiji pasualan nepi ka hal-hal anu pangdasarna. Dina unggal upacara adat atawa kasenian-kasenian tradisional tangtuna waé ngandung ajén-inajén budaya minangka hiji aturan, saperti kasenian penca silat buhun tangtu ngandung ajén-inajén, kaasup ajén falsafah.

Paguron kasenian penca silat buhun di Gegerkalong henteu ngan saukur ngamumulé jeung ngamekarkeun kabudayaan Sundana wungkul, tapi dideudeulan, diimbangan, jeung didasaran ogé ku ajén-inajén anu nyangkaruk di jerona saperti ajén falsafah.

Ku diayakeunana ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngawanohkeun deui penca silat buhun ka masarakat, hususna masarakat di Tatar Sunda. Sarta ieu hasil

panalungtikan téh dipiharep bisa jadi marga lantaran sangkan kasenian penca silat buhun téh terus dipikawanoh tur henteu leungit. Salian ti éta, dipiharep ogé sangkan para nonoman bisa leuwih wanoh, nyaah, resep, jeung ngabogaan tarékah pikeun ngamumulé tradisi titinggal karuhun, nya éta kasenian penca silat buhun. Urang Sunda salaku nu miboga kasenian penca silat buhun dipiharep leuwih apal tur weruh kana ajén-inajén anu nyangkaruk dina éta penca silat.

Patali jeung panalungtikan penca silat, mémang saméméhna geus aya sababaraha aktifitas panalungtikan. Di handap ieu aya sababaraha panalungtikan anu patali jeung penca silat, di antarana: 1) “Foklor Lisan di Paguron Penca Silat Mekar Patali Wargi (MPW) Desa Wangunsari Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat (Kajian Pendidikan Karakter)”, ku Muhammad Iqbal taun 2014. 2) “Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Desa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII”, ku Tiya Komalasari taun 2013. 3) “Istilah-Istilah dina Kasenian Penca Silat Panglipur di Kalurahan Balééndah Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung pikeun Salah Sahiji Alternatif Bahan Ajar Maca Bahasan Kasenian di SMA Kelas XII”, ku Dini Anggriani taun 2013. 4) “Inventarisasi Istilah-Istilah Nyampak dina Penca Silat Paleredan di Desa Sukatani Kacamatan Sukatani Purwakarta”, ku Rizal Nazarudin taun 2007.

Tina judul panalungtikan anu ditataan di luhur, opatanana medar penca silat. Aya nu dipatalikeun jeung ajén éstetis, aya nu nataan istilah-istilahna, sarta aya ogé anu husus ngainventarisasi istilah nu nyampak dina penca silat. Lamun ditengenan deui, panalungtikan anu medar penca silat téh masih kawilang jarang. Komo anu dipatalikeun jeung ajén falsafah. Ku kituna, mandang perlu diayakeun panalungtikan anu judulna “Ajén Falsafah Kasenian Penca Silat di Paguron Silat Buhun Kabuyutan Gegerkalong Kecamatan Sukasari Bandung”. Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa mangpaat, hususna keur nu nalungtik jeung umumna keur masarakat.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang masalah di luhur, identifikasi masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kurang wanohna masarakat kana kasenian penca silat buhun.
- 2) Masarakat henteu apal bédana antara kasenian penca silat buhun jeung kasenian penca silat séjénna.
- 3) Loba pisan ajén-inajén anu nyangkaruk dina kasenian penca silat saperti ajén kaagamaan, ajén falsafah, ajén budaya jeung ajén éstétis, kaasup dina penca silat buhun.
- 4) Masarakat leuwih apal kana kasenian beladiri ti luar batan anu aya di daerahna.

Dumasar identifikasi masalah di luhur sarta sangkan henteu lega teuing, ieu panalungtikan diwatesan jeung dirumuskeun jadi tilu pataléukkan nya éta:

- 1) Kumaha deskripsi kasenian penca silat buhun?
- 2) Istilah-istilah naon waé anu aya dina kasenian penca silat buhun?
- 3) Kumaha ajén falsafah anu nyangkaruk dina kasenian penca silat buhun?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan anu baris dihontal, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum nya éta pikeun numuwuhkeun jeung ngariksa budaya nu aya di masarakat Sunda, sarta ngawanohkeun penca silat nu aya di Paguron Silat Buhun Kabuyutan Gegerkalong Kecamatan Sukasari Bandung.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadeskripsikeun jeung nganalisis:

- 1) kasenian penca silat di Paguron Silat Buhun Kabuyutan Gegerkalong Kecamatan Sukasari Bandung;
- 2) istilah-istilah anu aya dina kasenian penca silat di Paguron Silat Buhun Kabuyutan Gegerkalong Kecamatan Sukasari Bandung; sarta
- 3) ajén falsafah anu nyangkaruk dina kasenian penca silat di Paguron Silat Buhun Kabuyutan Gegerkalong Kecamatan Sukasari Bandung.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan, di antarana mangpaat anu sipatna tioritis jeung nu sipatna praktis.

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara teoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan tur ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan budaya. Sarta méré gambaran ngeunaan kasenian penca silat buhun, boh tina sajarahna, istilah-istilahna, boh ajén falsafah anu nyangkaruk di jerona.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan, boh pikeun nu nalungtik, boh pikeun masarakat. Salian ti éta, mangpaat séjénna nya éta pikeun ngawanohkeun deui kasenian penca silat buhun ka masarakat, sarta bisa dijadikeun media/alat pikeun ngarobah sudut pandang anu negatif ti masarakat ngeunaan kabuyutan, hususna ngeunaan penca silat buhun.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nya éta:

- 1) Bab I Bubuka, ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

- 2) Bab II Ulikan Pustaka, anu ngawengku ulikan tiori anu eusina ngeunaan falsafah, kabudayaan, kasenian, jeung penca silat, panalungtikan saméméhna, sarta kalungguhan tioritis panalungtikan.
- 3) Bab III Metodologi Panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, subjek jeung lokasi panalungtikan, ngumpulkeun data, sarta analisis data.
- 4) Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina ngeunaan deskripsi kasenian penca silat buhun, istilah-istilah dina kasenian penca silat buhun, sarta ajén falsafah dina kasenian penca silat buhun.
- 5) Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran ti panalungtik ngeunaan hal-hal nu aya pakuat-pakaitna salila panalungtikan pikeun ka hareupna.